



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 8/3/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO TE SIYEN PWOJÈ LWA KI POU LEGALIZE EPI REGILARIZE  
ESPÒ FANTEZI YO NAN ETA NEW YORK**

***Pwojè lwa a Etabli Mezi Pwoteksyon Enpòtan pou Konsomatè yo Anba Nouvo  
Règleman sa yo***

***Espò Fantezi Entèraktif Pou Jenere Anviwon \$4 Milyon Dola Revni Adisyonèl pou  
Ede Edikasyon***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jounen jodi a pwojè lwa ki pou legalize espò fantezi entèraktif nan Eta New York. Pwojè lwa sa (S.8153/A.10736) ekzije ke konpayi espò fantezi yo dwe anrejistre nan Komisyon Jwèt Eta New York epi aplike règleman ke li etabli yo. Yo prevwa ke yon fwa ke yo fin aplike'l, pwojè lwa sa pral jenere anviwon \$4 milyon dola revni adisyonèl pou finanse èd edikasyon leta a.

“Espò fantezi jounalye yo te pwouve ke yo popilè nan New York, men jiskaprezan yo te opere san sipèvizyon epi san mezi pwoteksyon pou jwè yo”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè lwa sa etabli bon ekilib ki pou pèmèt aktivite sa kontinye ak sipèvizyon regilatè eta yo, nouvel mezi pwoteksyon konsomatè yo, ak plis finansman pou edikasyon.”

Espò fantezi entèraktif yo se jwèt aptitud yo kote patisipan yo fè yon lis atlèt nan yon espò kèlkonk epi itilize estatistik pèfòmans aktyèl atlèt sa yo pou detèmine kilès ki se chanpyon konpetisyon an. Patisipan yo peye yon montan kòb pou antre nan konpetisyon an, epi si yo genyen lè yo afwonte opozan yo a, y'ap ranpòte prim yo.

An plis de etabli mwayen ki nesèsè pou regilarize espò fantezi entèraktif yo nan Eta New York, pwojè lwa sa fè pwogrè tou pou ka etabli mezi pwoteksyon enpòtan konsomatè yo pou premye fwa, kèk nan mezi pwoteksyon sa yo se ofri pwosedi entwodiksyon pou nouvo jwè yo, idantifye jwè ki gen anpil eksperyans yo, entèdi timoun minè yo patisipe nan jwèt sa yo, epi pwoteje kòb jwè yo lè yo fin depoze'l.

**Senatè John J. Bonacic te deklare,** “Mwen kontan dèske Gouvènè Cuomo te siyen pwojè lwa Espò Fantezi Jounalye yo, ki bay dè milye Nouyòkè opòtinite pou kontinye jwe jwèt sa yo ke yo t'ap jwe depi plis pase yon dekad. Ak bon jan mezi pwoteksyon konsomatè yo ansanm ak benefis ekonomik yo pou eta a, mwen kwè ke pwojè lwa sa kapab sèvi kòm yon modèl pou rès peyi a.”

**J. Gary Pretlow, ki se Manm Asanble, te deklare,** “Espò fantezi yo pi plis ke jwèt sou entènèt yo – yo gen potansyèl pou jenere dè milyon dola nan revni pou Eta New York. Pwojè lwa sa pral pèmèt konpayi sa yo kontinye opere pandan l’ap asire ke fanatik li yo gen yon anviwònman sekirite kote y’ap jwe a. Mwen fyè dèske Gouvènè Cuomo te siyen pwojè lwa sa pou ka kenbe espò fantezi yo nan New York epi mwen remèsye patnè mwen yo nan kò lejislatif la poutèt yo te fè pwojè lwa sa pase.”

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418